

RINGKESAN

Judul tina ieu panalungtikan nyaéta: Pangaruh Média Pangajaran Edmodo kana Hasil Diajar Siswa di SMA Pasundan 2 Bandung. Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta: (i) pikeun mikanyaho kumaha hasil diajar siswa saméméh diterapkeunana média pangajaran Edmodo (pretest), (ii) pikeun mikanyaho kumaha hasil diajar siswa sanggeus diterapkeunana média pangajaran Edmodo (posttest), (iii) pikeun mikanyaho bédana hasil diajar siswa kana pangukuran mimiti (pretest) ogé pangukuran akhir (posttest), jeung (iv) pikeun mikanyaho kumaha pangaruh média pangajaran Edmodo kana hasil diajar siswa di kelas lintas minat X MIPA 5 SMA Pasundan 2 Bandung. Méthode nu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta pra-ékspérimén jeung désain panalungtikan one-group pretest-posttest. Sampel dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh siswa kelas lintas minat X MIPA 5 SMA Pasundan 2 Bandung. Instrumén panalungtikan nu digunakeun manrupa tés. Tés nu digunakan mangrupa pilihan ganda (pretest jeung posttest) jeung geus diuji validitas sarta réliabilitasna. Nurutkeun data hasil nilai rata-rata pretest jeung posttest dipikanyaho N-Gain nu gédéna 0,70 jeung interprésasina luhur, jeung kacindekanana yén aya nu ngabédakeun hasil diajar siswa saméméh jeung sanggeus diterapkeunana media pangajaran Edmodo. Pangajaranana ngagunakeun media Edmodo nu méré pangaruh kana hasil diajar siswa kelas lintas minat sagédé 27,2% nu interprésasina cukup. Pangaruh séjén gedéna 72,8%. Ieu hal bisa dipangaruhan ku sababaraha faktor nyaéta motivasi, kompeténsi guru, lingkungan jeung modél pangajaran. Salaku panutup, panulis nepikeun saran guru kudu ngagunakan rupa-rupa média pangajaran. Salah sahijina ngagunakeun média pangajaran Edmodo, sabab éta média bisa ningkatkeun hasil diajar siswa.

Kata konci: Média Pangajaran, Edmodo, Hasil Diajar